



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITE SENA SCHUMER, AK PREZIDAN AK DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL MTA LIEBER SELEBRE KÒMANSMAN SÈVIS WOUT RAY LONG ISLAND A GRAN ECHÈL NAN GRAND CENTRAL MADISON K AP KÒMANSE LENDI 27 FEVRIYE**

***Lidè Majorite Sena a Schumer rejwenn Gouvènè Hochul ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA Lieber nan seremoni Grand Central Madison lan***

***Nouvo orè LIRR k ap antre an vigè demen ap ogmante sèvis lasemèn yo a 41 pousan***

***Pi gwo ekspansyon sèvis LIRR ak tren k ap rive/pati nan tèminal Manhattan yo chak twa minit pandan peryòd ki chaje yo***

**Tikè Konbine disponib demen ak aplikasyon nouvo orè yo**

**Orè yo disponib atravè aplikasyon TrainTime lan ak sou [sit wèb MTA](#)**

Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Charles Schumer ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA Janno Lieber, ansanm ak ofisyèl eli federal ak lokal yo jodi a selebre ouvèti ofisyèl Grand Central Madison ak sèvis Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) konplè k ap kòmanse demen lendi 27 fevriye a. Nouvo orè yo bay yon nivo sèvis ogmante nan yon nivo istorik ki se 41 pousan epi yo ofri aksè dirèk nan Midtown East, pi gwo sant travay nan peyi a, y ap bay sèvis pi souvan, ki fyab, ki gen ladan Queens ak Brooklyn, ak vrè sèvis nan sans envès nan moman ki chaje yo nan Sikisal Port Jefferson ak Ronkonkoma pou premye fwa.

"Grand Central Madison se yon eksplwa transpò piblik ki pral diminye vwayaj yo, ki pral bay pasaje yo tan an retou nan lavi okipe pa yo pou yo pase ak fanmi yo, zanmi yo ak kominote yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Grand Central Madison pral elaji sèvis yo yon fason konsiderab epi li pral opere plis seryezman pou pasaje yo epi redwi twòp moun nan Penn Station lan. Gras a patenarya kontinyèl nou ak Senatè Schumer ak delegasyon Kongrè New York la, nou pral kontinye konstwi transpò piblik ki an sekirite ak efikas ke Nouyòkè yo merite."

Nouvo orè yo ajoute 271 tren LIRR chak jou epi ogmante sèvis LIRR nan tout sistèm nan a 936 tren pa jou, 296 ladan yo prale oswa soti nan Grand Central Madison. Pwojè Grand Central Madison lan, ki finanse an pati pa USDOT, swiv de lòt pwojè kapital enpòtan LIRR yo: Pwojè Dezyèm Vwa (Double Track Project) la, ki enstale yon dezyèm vwa pou 21 km ant Farmingdale ak Ronkonkoma; ak Pwojè Twazyèm Vwa (Third Track Project), ki te enstale yon twazyèm vwa ki mezire 16 km ant Floral Park ak Hicksville. Envestisman sa yo ki rive yon fwa nan yon jenerasyon te soulaje kèk kontrent kapasite, sa ki pèmèt ray tren an ogmante sèvis ak konplètman re-ekri orè yo pou premye fwa nan plizyè deseni.

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Nou isit la jodi a paske tren East Side Access la literalman sou pwen pou kite estasyon an — *Aloulouya* Plizyè dizèn milye pasaje transpò kapab kounye a respire yon souf. Dè milye epi dè milye moun ki travay sou bò Lès finalman jwenn komodite yo te anvi a. Tande, mwen te isit la nan yon gran pati nan vwayaj East Side Access la— nan tout 2.7 milya dola a. Se sou pwen sa mwen te fè gouvènman federal yo entèvni isit la. Nou tout konnen ki jan li difisil pou jwenn finansman transpò piblik — pou peyi a ak pou NY. Ansanm ak lòt pwojè transpò piblik yo tankou Gateway, jwayo transpò piblik NY la ap prepare pou l briye tankou tèt bilding Chrysler a, epi li te tan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, MTA ak tout lòt moun ki te ede fè istwa transpò piblik jodi a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Sèvis ki pi rapid ak plis tren pral ede pwoche kè Vil New York pi pre abitan Long Island yo ak rezidan Queens yo, epi ogmantasyon nan vwayaj nan sans envès la pral yon estimilan pou anplwayè Long Island yo k ap chèche jwenn aksè ak yon pi gwo rezèv talan. Se yon sityasyon gayan-gayan."

**Prezidan Pwovizwa Wout Ray Long Island ak Prezidan Wout Ray Metro-North la Catherine Rinaldi, te deklare,** "LIRR kontan anpil pou l ofri sèvis pi souvan ak plis fleksibilite pou kliyan nou yo. Grand Central Madison ofri tou koneksyon ant LIRR ak Metro-North pou premye fwa, sa ki ouvri yon nouvo epòk vwayaj reyonal pou kliyan nan tou de wout ray yo."

Ak aplikasyon nouvo orè yo, pral gen plis pase 500 estasyon anplis nan Brooklyn ak Queens ak pandan peryòd ki chaje a, yon tren LIRR nan Penn Station oswa Grand Central chak 3 a 6 minit ak sèvis pou Tèminal Atlantik la apeprè chak 12 minit. Grand Central Madison se premye nouvo gwo tèminal tren ki ouvri nan Etazini nan 67 ane ak premye ekspansyon LIRR nan 112 ane, depi sèvis yo te kòmanse nan Penn Station an 1910.

Nouvo orè yo ofri sèvis pandan èdtan ki chaje yo atravè Brooklyn soti nan Freeport, Hempstead ak West Hempstead. MTA ankouraje tout pasaje yo pou yo konsilte nouvo orè yo anvan yo vwayaje atravè aplikasyon TrainTime ke yo apresye anpil la oswa nan [mta.info](https://www.mta.info), kote itilizatè yo ka jwenn orè [pdf yo](#).

**Tikè Kobine a**

Komansman sèvis la kounye a pèmèt posibilite pou transfere dirèkteman ant LIRR ak Wout Ray Metro-North la. Pou bay yon koneksyon san pwoblèm nan sistèm lan, MTA deja prezante "Tikè Konbine" a - ki se yon tikè inik ki pèmèt kliyan vwayaje ant Long Island, katye nò Manhattan yo ak Connecticut yo tout ak yon tarif.

Tikè Konbine a pèmèt pasaje yo achte yon tikè LIRR nan Huntington pou yon vwayaj nan White Plains oswa yon tikè Metro-North nan Poughkeepsie pou yon vwayaj nan Montauk. Pasaje yo chwazi estasyon orijin yo ak Grand Central kòm destinasyon yo epi yo peye tarif regilye a plis yon tarif fòfètè uit dola pou yon vwayaj k ap kontinye nan nenpòt destinasyon sou lòt wout ray la. Pou plis enfòmasyon sou tikè konbine a, vizite <https://new.mta.info/fares/combo-ticket>.

### **Plis enfòmasyon sou amelyorasyon resan Wout Ray Long Island**

Grand Central Madison, Dezyèm Vwa, ak Liy Prensipal Twazyèm Vwa fè pati yon envestisman 17.7 milya dola san parèy pou transfòme ak modènize Wout Ray Long Island lan ak 100 pwojè nan tout sistèm nan ki gen ladan konstriksyon yon Sal Datant LIRR ki pi laj nan Penn Station ak yon nouvo antre nan 33rd Street ak Seventh Avenue, renouvèlman ak amelyorasyon 36 estasyon ak 17 pon, eliminasyon uit pasaj wout ray a nivo, aktivasyon sistèm sekirite Kòmand Entegral Tren (Positive Train Control), amelyorasyon nan 15 soustasyon elektrik, kapasite pakin ogmante, agrandisman lakou.

Anplis de sa, apre ouvèti Moynihan Train Hall an 2021, MTA, ansanm ak Empire State Development, NJ Transit ak Amtrak, ap transfòme Penn Station an yon tèminal klas mondyal ak yon sèl nivo ak limyè natirèl abondan, plafon wo, ak orantasyon amelyore.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)